



Trusted,
Professional
Filing

Utilize NYC Free Tax Prep (Preparasyon Taks Gratis Vil New York) pou deklare taks ou gratis epi kenbe tout ranbousman ou an nèt.



Pou fanmi yo

Revni \$93,000 oswa mwens pase sa nan lane 2024.



Pou moun k ap deklare taks poukонт yo

Revni \$65,000 oswa mwens pase sa nan lane 2024.

Travay avèk yon preparatè benevòl VITA/TCE ki gen konesans epi IRS sètifye. Genyen 4 fason pou ranpli ak soumèt deklarasyon taks ou epi 130 sit nan tout 5 awondisman yo.

Chwazi kijan ou vle deklare taks ou.

- 1 Preparasyon Taks Fas-a-Fas** Chita ak yon benevòl nan prepare taks.
- 2 Sèvis pou Depoze Taks** Depoze dokiman taks ou epi pou vin chèche ranbousman taks ou pita.
- 3 Preparasyon Taks Vityèl*** Li Preparasyon Taks Fas-a-Fas men sou entènèt la!
- 4 Preparasyon Taks ak Asistans*** Fè pwòp taks ou ak lojisylè pou deklare taks gratis men yon benevòl ap ede ou nan telefòn oswa imèl.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan tout sèvis yo ak kalifikasyon, vizite nyc.gov/taxprep oswa rele nan 311 epi mande pou "preparasyon enpo (taks)".

Pare dokiman ou yo.



Pyès Idantite ki gen Foto (tankou IDNYC)



Idantifikasyon taks pou oumenm, mari oswa madanm ou, ak depandan ou yo (Nimewo Sekirite Sosyal oswa Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Endividiyèl)



Prèv revni (gen ladan Fòm W-2, 1098, 1099, oswa dosye revni ak depans si ou se yon travayè endependan)



Depans gadri pou timoun (si sa aplikab), ki gen ladan enfòmasyon founisè ak Nimewo idantifikasyon taks

Nimewo kont labank ak nimewo idantifikasyon bank (nimewo woutaj) pou fè depo dirèk ranbousman ou

Siyati ni mari, ni madanm si nou deklare taks nou ansanm

Pou yon lis dokiman anplis ou ka bezwen, eskane kòd la.



Sèvis pandan tout ane a pou moun k ap travay ak tèt yo
pwpriyetè ti biznis, travayè endependan, travayè k ap travay pou plizyè moun

Si w ap travay ak pwòp tèt ou, ou dwe deklare enpo w chak ane epi peye estimasyon enpo w yo chak trimès. Jwenn aksè ak resous gratis yo pandan tout ane a, tankou:

- **Preparasyon taks espesyalize an pèsòn*** (pou deklarasyon trimestriyèl ak anyèl yo)
- **Konsiltasyon endividiyèl ak seyans an gwoup***
- **Atelye†**
- **Bwat zouti + lòt†**

*Ou dwe ap touche \$93,000 oswa pi piti (pou fanmi yo) oswa \$65,000 oswa pi piti (pou moun k ap deklare taks poukонт yo) ak depans biznis ki \$250,000 oswa pi piti. Chache kote ki bay asistans an pèsòn nan zafè deklarasyon depans ak revni pou moun ki ap travay ak tèt yo.

†Pa gen yon montan maksimal revni oswa depans ki aplike.